



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ POU PWOTEJE PWOPRIYETE BÒ DLO LAK
VYÈJ CAYUGA A**

***Gouvènè a anonse akò ant Finger Lakes Land Trust ak New York State Electric &
Gas Corp.***

***Akò a sekirize pwoteksyon alavni pi gwo pasèl prive bò rivaj sou tout Lak
Cayuga nan Finger Lakes***

Finger Lakes Land Trust ap achte 190-Ekta nan pòsyon Bell Station lan

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te rive jwenn yon akò pou acha yon teren ant Finger Lakes Land Trust ak New York State Electric & Gas Corp. (NYSEG) pou 190 ekta Bell Station lan, pi gwo pòsyon prive bò rivaj ki pa devlope a nan Finger Lakes. Gouvènè Hochul te anonse an septanm ke NYSEG te anile vant ozanchè teren yo rele Bell Station lan ki gen 3,400 pye bò rivaj vyèj sou kot lès Lak Cayuga a nan Konte Tompkins, epi twa ajans eta ta fasilite pwoteksyon pèmanan pòsyon sa epi maksimize aksè piblik la.

"Acha teren sa ap garanti pwoteksyon li epi prezève pou jenerasyon alavni yo - pou pran desizyon ki enfòmè sou plan anviwònmanal tankou desizyon pou pèmèt nou gen lapè nan lespri lè nou konnen pitit nou yo ak pitit yo ap gen aksè nan espas piblik ak yon bèl bò dlo nan Finger Lakes," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de travay di ak kolaborasyon ant ajans eta nou yo, NYSEG, ak Finger Lakes Land Trust ki te avanse rapidman ak akò vant lan k ap ouvri wout pou transfè pwopriyete Bell Station lan."

DEC ak Finger Lakes Land Trust ap kreye yon zòn jesyon fòn sou pòsyon bò lak la nan pwopriyete a. Yo rekonèt pwojè Bell Station lan kòm yon pwojè priyorite nan Plan Espas Ouvè Eta New York la epi yo dezilyen l kòm tè prezèvasyon pou aksè piblik alavni nan Plan Konplè Vil Lansing la. Vant pwopriyete a pa egzije plis verifikasyon oswa apwobasyon pa Komisyon Sèvis Piblik la.

Lak Cayuga se yon resous enpòtan pou dlo potab, touris, ak rekreyasyon atravè rejyon an. Prezèvasyon Bell Station ap ede pwoteje abita enpòtan pou plant ak fòn yo, epi l

ap amelyore opòtinite lwazi piblik anpil lè li bay aksè nan rivaj dirèk nan kot lès Lak Cayuga, ki se 90 pousan prive. Lak la sipòte espò lapèch enkwayab ki enkli, achigan gran bouch, bwochè maye, bwochè nò, marigan, pèchod, krapè solèy, gagouy, ak pwason lò. Yo gen objektif itilize pòsyon ki pi alès pwopriyete a pou pwodiksyon enèji solè renouvlab.

New York Audubon te deziyen Lak Cayuga tou kòm yon zòn enpòtan pou zwazo epi li sipòte yon gwo popilasyon zwazo sovaj al lòt zwazo ki divèsifye, patikilyèman pandan migrazon ak sezon ivè. Aksè ki ogmante nan zòn inik sa bay opòtinite ekonomik enpòtan pou kominote lokal yo pou kapitalize sou popilarite k ap ogmante pou lwazi anplennè, pandan l ap pwoteje rezèv natirèl ki pwoteje kalite dlo a tou. L ap pwoteje lak la kont devlopman rivaj nan lak la ak ewozyon k ap pwoteje kalite dlo a nan yon apwovizyonman dlo potab epi ede diminye menas florezon alg nwizib yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare, "Akò acha ant Finger Lakes Land Trust ak NYSEG pou prezève pwopriyete 190 eja ki sansib sou plan anviwònmanal Bell Station lan se yon gwo viktwa pou efò prezèvasyon nan rejyon Finger Lakes la ak yon egzanp angajman Gouvènè Hochul ak anviwònman an. Prezèvasyon Bell Station lan ap ede pwoteje abita ak ekosistèm ki enpòtan ki sipòte kalite dlo nan Lak Cayuga epi fè pwomosyon opòtinite lwazi ki sipòte ekonomi lokal la. DEC a rekonesan pou lidèchip Gouvènè a pou sekirize akò sa epi li rekonesan paske NYSEG a rekonèt valè anviwònmanal la nan pwoteksyon pwopriyete sa. Mwen rekonesan ak efò Gouvènè Hochul pou prezève pòsyon Bell Station lan epi DEC a enpasyan pou travay ak Finger Lakes Land Trust pou konsève Bell Station pou jenerasyon vizitè k ap vini fè eksperyans epi amize yo."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Bell Station pami Lak Cayuga a nan nò Pak Eta Taughannack. Sou lidèchip Gouvènè Hochul, akizasyon sa ap pwoteje panorama bò lak sa, ansanm ak kalite dlo wiso ak flèv ki koule soti nan Bell Station pou ale nan lak la. Nou pa ka tann pou travay avèk DPS ak DEC nan efò prezèvasyon enpòtan sa."

Direktè Jeneral Egzekitif ak PDG NYSEG Carl A. Taylor, te deklare, "NYSEG te angaje pou l yon bon antrepriz sitwayen epi mwen kontan ke nou an mezi pou rive nan yon akò rapidman ak Finger Lakes Land Trust pou prezève pòsyon pwopriyete orijinal sa. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak administrasyon li a pou lidèchip ak kolaborasyon yo pandan n ap chache prezève Bell Station lan mityèlman, yon desizyon k ap benefisye Rejyon Finger Lakes la pou ane k ap vini yo."

Senatè Pamela Helming te deklare, "Mèsi ak Finger Lakes Land Trust ak NYSEG paske yo travay ansanm pou rive jwenn yon akò k ap fasilite plis prezèvasyon ak pwoteksyon pwopriyete enpòtan sa. Sa se bon nouvèl pou plizyè milye rezidan atravè rejyon an k ap kapab pwofite de zòn vyèj sa nan rivaj Lak Cayuga pou jenerasyon k ap vini yo. Prezèvasyon teren sa enpòtan pou pwoteksyon kalite dlo lokal rezidan ki depann de Lak Cayuga pou dlo potab yo. Mèsi a Finger Lakes Land Trust, NYSEG, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission), Depatman Konsèvasyon

Anviwonman (Department of Conservation, DEC) Eta New York la, ak NYSEG ak anpil òganizasyon ak elektè yo nan Lansing ak zòn anviwonan yo pou defans yo. Epi mèsè espesyalman a Gouvènè Hochul paske li te koute enkyetid ak rekòmandasyon nou, epi paske li fasilite plis mezi k ap benefisye kominote a epi prezève resous natirèl divèsifye remakab sa ke nou tèlman gen chans pou genyen."

Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Depatman Pak yo (Department of Parks), ak NYSEG paske yo reponn tèlman rapidman ak apèl enpòtan piblik la pou prezève pwopriyete Bell Station kòm forè pwoteje eta a. Gwo santye bò dlo ak forè vyèj sa jwe yon wòl enpòtan nan prezèvasyon sante ak entegrite lak la. Lè nou prezève forè yo, sa p ap sèlman pwoteje lak la kont ewozyon tè ekoulman ak efè negatif fòs septik rivaj yo, men sa ap prezève tè a tou pou touris ak edikasyon ekolojik. Angajman kolektif nou pou prezèvasyon primòdyal epi nou apresye wòl gouvènè a nan efò sa."

Prezidan Lejislati Konte Tompkins, Leslyn McBean-Clairborne, te deklare, "Akò istorik sa pou rejyon nou an ak patnè lokal nou yo. Konte Tompkins gen rekonesans pwofon pou angajman Eta New York ak Gouvènè Hochul pou konsèvasyon ak aksè piblik nan rejyon ekstraòdinè Finger Lakes nou an epi mwen bat bravo pou NYSEG ak Finger Lakes Land Trust pou patenarya yo pou fè sa reyalize. Gen yon istwa prezèvasyon ak dirabilite enkwayab nan rejyon an, epi sa se yon lòt egzanp devouman pou prensip sa yo."

Lejislatè Konte Tompkins, Mike Sigler, te deklare, "Sa fè uit tan depi nou te gen yon rankont piblik konsènan posiblite pou Finger Lakes Land Trust reprann pwopriyete Bell la. Sa pa t ap posib, san entèkansyon Gouvènè a. Aksè piblik nan Lak Cayuga a tèlman piti. Nou ka fè deba sou sa ki dwe fèt, men pou kounye a mwen kontan pou wè ke l ap prezève epi gen chans pou li ouvè pou tout moun. Mwen te fè ekskizyon nan teren FLLT yo epi pa gen moun ki fè yon pi bon travay nan prezève tè konsa ouvè epi prezève. Gen kèk moun k ap agimante tè sa ta dwe devlope pou maksimize revni fiskal la. Mwen konprann sa y ap di a, men nou pa ka epi nou pa ta dwe fè sa ak chak pòsyon tè. Si nou fè sa, p ap gen espas piblik epi sa ap afekte nou tout."

Direktè Ekzekitif Finger Lakes Land Trust, Andrew Zepp, te deklare, "Se yon gwo siksè ekstraòdinè pou Finger Lakes ak tout rezidan Eta New York yo. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak tout ofisyèl eli nou yo ki mete ansanm pou fè sa reyalize."

PDG Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Siyati akò acha ant Finger Lake Land Trust ak NYSEG la garanti ranfòsman angajman New York pou konsèvasyon teren atravè Eta a. Ajans mwen an kontan pou li jwe yon wòl nan pwoteksyon pwopriyete ki sansib sou plan anviwònmanal sa pou jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Chit Dlo Lak Cayuga a, Doktè Hilary Lambert, te deklare, “Sa se yon nouvèl ekstraòdinè pou pwoteksyon sòl ak dlo nan bò rivaj Lak Cayuga a ki deplizanpli ankonbre a. Se bon nouvèl tou pou randonè ak pagayè yo, k ap genyen yon bèl nouvo kote pou otorize aksè piblik.”

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)